

**Niwicishe Bugufi**  
Jeffersonville, Indiana, USA  
14 Mukakaro 1963, Ku Mugoroba

1 [Mwene Data Neville yerekanye mwene Data Branham -Umw.] Ôo, Mwene Data, ubwirizwa kwemera ko iki ari nko gukubitwa n'inkuba. Nibaza ko nogira ico ntangaza ngaho, "Hariho impano kanaka: ku buryo bituma jewe ngira icyumviro nk'ico". [Mwene Data Branham bo n'ikoraniro baciye batwenga. - Umw.] Ndanezererwa vy'ukuri no kuba hano igihe cose. Ubu rero urugendo rwacu ruri hafi kurangira, igihe twategerezwa kumara hagati yanyu. Kuko, turafise ikindi gikorane kiriko kiraza vuba hariya i Chicago, kandi ntegerezwa gusubiza vuba u - umuryango wanje muri Arizona.

Ntibaraja mu biruhuko vyo mu ci; rero nategerezwa kuja kubatembereza gato mu muduga ahantu kanaka, mu minsi mike. Hanyuma rero birashoboka ko nzoba ntahari umunsi umwe, uw'iyinga umwe; hanyuma mw'iyinga rizokurikira nzoca ntangurira i Chicago. Bizoca binsaba ko ngaruka ubwo nyene, ku wa mbere umwe, nce ndabajana muri Arizona.

2 Ubu rero, ndanka kuza ku w'iyinga mu gatondo, ngo ntware uwo mwanya aho umw'umwe wese aba aruhutse. Kuw'iyinga ku mugoroba, muba mukirushe kandi munaniwe, ku w'iyinga ku mugoroba; hanyuma guca mpindukiriza igikorane co kuw'iyinga ku mugoroba ku mwungere wacu, ivyo - ivyo mu buryo kanaka si vyiza. Ariko ivyo ndanka kubikora, yamara kuw'iyinga ku mugoroba nowufashe, kuw'iyinga ku mugoroba, gukoresha igikorane kuw'iyinga ku mugoroba, nca nsanga rero nafatiriye abantu cane nkabatevya. Abenshi muri bo bava kure cane mu bumanuko na - na hariya mu buraruko, kandi bafise, ôo, rimwe na rimwe bagendesha imiduga ijoro n'umurango, kugira gusa bashobore gushika hano kubw'igikorane kimwe gusa, hanyuma bagaca basubira inyuma. Kandi ico nico gituma ngerageza gufata uw'iyinga mu gatondo, iyo nje, kugira bibahe akaryo ko gusubira inyuma.

Izo ngenzi z'intore kandi z'abizigirwa, ese ukuntu zimpimbara! Baza bariko baratwara imiduga kuri shelegi iriko irashonga, mu mvura, n'ibindi, kugira ngo bashike hano, bakagenda ibilometero amajana iyo igihugu kiva kikagera, kugira gusa baze mu gikorane kimwe gito. Gutyo, ivyo binyuzuzwa amashimwe menshi ku Mana be no kuri aba bantu kubw'intuze yabo - kubwo ukudushigikira kwabo kudasanzwe, mu vyo ndiko ndagerageza kubwira abantu ko ari kwo Kuri.

3 Egome, ndizeye yuko uku ari Ukuri, jewe...n'umutima wanje wose. Iyo haba hari ikindi kintu, nibaza ko ari ciza kuruta, no - nobanje kuja ata nkeka ...Nta numwe nosaba kuja ahantu ntabanje kuja kugira menye jewe ubwanje ko ari ivy'ukuri canke atari vyo. Nta n'umwe nosaba gu - gutera intambwe mu Mana, iyo jewe ubwanje ntaratera kugira menye neza ko ari Ukuri. Ubwa mbere, bitegerezwa kuba ari Ijambo ry'Umwami, hanyuma ntegerezwa gutera intambwe kugira mbone ko ari vyo. Hanyuma rero iyo mbonye ko ari ukuri, aho rero mba nshoboye kuvuga nti: "Nimuze hano." Murabona, ni uguca inzira.

Ubu rero, nibaza ko ari vyo umukozi w'Imana wese yategerezwa gukora, yategerezwa kubanza kujayo, ubwiwe. Abwirizwa kuba umurongozi, umurongozi w'abantu, atari ukuvuga ikintu we nyene ubwiwe atonashirako ukuboko. Twategerezwa kujayo maze tukaba abarongozi b'abantu.

4 Muri kano gatondo, hari ibintu vyanshikiye bitangaje kandi bidasanzwe ndi aha ku gicaniro. Kandi vyari, ku bijanye n'igice ca nyuma c'Ubutumwa, sinashaka kubivuga muri ubwo buryo. Murabona? Ariko ndumva ko vyamaze kuvugwa, kandi ntaco nshoboye kubikorako muri kano kanya. Ariko maze gushika muhira, nacye ntangura kuvyigako.

Twagize inama nto y'umuryango uyu muni, w'abo tuvukana gusa n'abandi. Mawe ntakiriho. Twahora dukoranira iwe, ariko ubu twaja kwa Delores. Twahagiriye ibihe vyiza kur'uno muhingamo, turiko turaganira, Teddy ni ho yari ari. Twaririmvye indirimbo, turacuranga indirimbo kanaka, n'ibindi.

5 Nibaza ko, kumbure mu gitondoco kuw'iyinga uza, Umwami Abigomvye, nimba mwene Data Neville ataco vyomutwara, nashaka kugirisha igikorane kigenewe gusengera abagwaye, kizoba kigenewe gusagusengera abagwaye. Kandi ni - kandi nibaza ko, biciye mu Butumwa bwo muri kinogitondo, ukuntu Umwami Asa n'uwandongoreye kubuvuga, kubwerekana, ivyovategerezwa gusa n'ibidutera intege gato, murabona, ngo -ngo -ngo twizerevy'ukuri. Tu -turifyinatira, kandi tu - turafata ibintu bitandukanyetukabivugako. Ariko rero iyo rugeranyeko, biba ibindi. Ni nka....

6 Hari umuntu yariko arambarira, nibaza ko yari uriya mwene Data yicaye hariya inyuma, uyu muni yamye antera a - agakuru gato k'umuntu umwe, u - umukozi w'Imana umwe be n'intuze yiwe..., umwe wo, umwe wo mw'ikoraniro ryiwe, yavuga ko ashoboye kugendera ku ngiga.

Yavuze ati: "Mwungere, nta nkeka Umwami Ari kumwe nawe."

Avuga ati: "Ndashobora kwikorera ingiga ku mugongo ndiko ndajabuka."

Avuga ati: "Nta nkeka Umwami ari kumwe nawe." Maze aragenda arabikora.

Aravuga ati: "Ndashobora kuba nikoreye ingiga, nkagirako ngasunika inkorofani mu gihe ndiko ndajabuka, icarimwe."

"Nta nkeka, Mwungere, Umwami Ari kumwe nawe. Ukwizera kwawe kurashoboye gukora vyose."

Aca avuga ati: "Ndashobora kugushira mu nkorofani, nkagirako nkagenda nikoreye ingiga."

Aca avuga ati: "Rindira gato" Murabona? Biba ari ibindi iyo biraba wewe, ubwawe. Murabona?

Rero, ivyo, ni vyiza cane kuvuga hano duti: "Amen." Ni vyiza cane kuvuga duti: "Ndizera ko ari ukuri." Ariko rero iyo hageze kubishira mu ngiro. Mutegerezwa kubishira mu ngiro.

7 Ni nka bimwe navuga mu gatondo, abantu baryama ahari igitutu ca Petero, ntibirirwa baranasaba ko babasengera. Maze kwinjira mu mazu menshi, nihweza ibi. Ndasenga imbere yuko njayo, maze nkinjirayo mfise isigwa, kandi sinirirwa ndanasengera abantu, nca nsohoka maze bagasigara barakira. Murabona? Murabona? Ni ivy'ukuri. Narabibonye bikoreka kenshi! Murabona? Mutegerezwa kugira aho mushinga ukwizera kwanyu. Mutegerezwa kuvyizera. Ndizera ko igihe cegereje, kandi ni co c'iki.

Kandi ndabona ko kino gikorane kitariko kirafatwa kw'ibānde. Birashika bakaba baja gufata ibānde ngufi yabo ubwabo, ariko iyi si ibānde ikwiragizwa mu gihugu cose. I...

8 Ivyo namye mvugako muri kano gatondo vyatudugije ku - ku gasongerero, kandi nico gituma nzofata uw'iyinga uza kubw'i - i - igikorane c'ugusengera abagwaye. Kuko, kuva ntashe muhira, narababwiye ibijanye n'amayerekwa n'ivyashitse, hamwe n'ibindi, ndabereka igituma nakoze ivyo vyose. Muri kano gatondo naho, nabandaniye ndavyerekana kugeza aho tugera kuri wa Mukwego wanyuma.

Ubu rero iki ni igihe canje co kwishikanira Imana; igihe c'uko Imana Ivugana nanje. Murabona, Nte - nte -ntegerezwa kugira impinduka nto mu buzima bwanje bwite, yuko, atar'uko nibaza ko ndi umuntu mubi, ariko nda - ndashaka kwumva ndi hafi y'abantu kurusha, murabona, abantu nagerageje kubwira u... uku Kuri kw'Ubutumwa Bwiza, maze bakaGutera ibitugu, bakigira maze bakagucokora.

9 Rero kuri jewe, ivyo bisa n'igitutsi. Kubwanje, sindavyitaho; ariko ku vyo namye mvuga, ni ukuri, ngerageza kubafasha. Ni nk'uko boba bariko barasunika ubwato, bakavuga bati:"Ca ngaha, ng'ubu ubwato, jabuka! Ca ngaha, nimuve mur'urwo ruzi ruriko rurasuriranya, murapfa! Mwebwe, murahonerayo!" Bagaca bagutwenga maze bakigira. Rero, kuri jewe, iyo bigiriye, bisa nk'aho ata co mba ngishoboye gukora kuri vyo kirenze ng'aho, murabona, ntaco mba ngishoboye gukora. Ariko nshaka rero kumanuka nihuta ku nkombe z'uruzi kugira ndabagobere, nti: "Nimugaruke." Murabona, ukwo niko ntegerezwa kwifata, murabona, kuko nzi ko hariho umuntu kanaka iyo hanze atarinjira. Kandi nzo - nzoroba gushika aho...Yaravuze ati, kugeza ifi ya nyuma ifashwe. Ivyo ni vyo nsha - nshaka gukora.

Ubu rero, kugira ngo ndabishikeko, hariho ikintu ndindiriye ko kiba mu gikorane c'amasengesho. Ikintu kimwe...Kandi benshi muri mwebwe muribuka rya yerekwa rya wa - wa Mukwego wa nyuma, wa Mukwego wa gatatu, nakwo. Muravyibuka? Hari ikintu cari cabaye imbere y'ivyo: Nabonye wa Muco uza maze uca winjira aho hantu, uca uvuga ngo: "Nzohurira nawe harya." Ubur ero nditeze ko hari ikintu gishika.

10 Haraheze imyaka, ibikorane be n'ugutahura amabanga y'imitima y'abantu vyaramaramwo intege cane ku buryo nagera aho ndandabagirana. Abenshi muri mwebwe muravyibuka. Nari ngeze aho mwene Data Jack Moore yategerezwa kumfata ukuboko kumwe, mwene Data Brown nawe akamfata ukundi, kugira ngo nshobore guhagarara, baramfata bakandugana bakongera bakanamanukana mw'ibarabara, mu kiringo c'isaha inyuma y'igikorane. Kandi nanje gusa, vyarashika, nkagerageza kwibaza aho - aho nari ndi be n'ivyaba vyabaye. Hanyuma, ijoro ryose nkaguma ndyamyeye ndavyiyumvirako, nkorora amosozi n'ibindi, maze ngaca nibaza igituma abantu batemeye Umwami wacu Yesu.

Niho rero Yambarira mw'iyerekwa Ati: "Umunsi umwe, uzohura n'umugore azoza kuri wewe, yambaye impuzu zisa n'inginagina, kandi azoba afise umwana muto mu burengeti; uherye ico gihe no kubandanya, uzoca ugira inguvu zo gushikama kurusha." Neza, ivyo vyose narabibabwiye. Kandi ivyo vyashikiye i Chicago, rya joro igihe wa mugore muto w'Umuperesipiteriyano, igihe umwungere wiwe bwite yamurungika ngo amanukeyo n'uwo mwana.

11 Kandi nibaza ko yari musazawe, canke umwe muri bo, ya - yari umuganga. Yamubwiye ati: "Nta vyizigiro bigihari kuri uyo mwana kiretse Imana Mushobora vyose Imukozeko."

Aca aragenda... Aca aragenda abibwira umwungere wiwe. Uwo mwungere aca avuga ati: "Nta - ntavyo nshoboye," avuga ati: "gu - gukoresha ivyo Gukiza kw'Imana, kuko si - si...simfise gusa muri jewe, ukwizera gusabwa kwo kubikora."

Rero, uko - uko - uko - uko niko kuba imvugakuri kuri vyo. Murabibona? Yavuze ati: "Kimwe gusa ntakwo mfise." Aca avuga ati: "Ariko narigeze kuja muri kimwe mu bikorane vya mwene Data Branham, kandi noguhanura kujana uwo mwana kwa - kwa mwene Data Branham."

Umuganga yari yamuhebuje, kandi yari agiye gupfa.

12 Uwo mugore aca arinjira aho nariko nkoresha igikorane c'uburyo - c'uburyo kanaka kubwa ba bana

bato b'Abakatolika baturawe n'umuriro babona, muri rya shure riri hariya, murabizi. Muribuka igihe ivyo vyaba. Mu gihe twariko turagira icyo gikorane, uwo mugore yari yambaye impuzu zisa n'inginagina aca araza ashika neza na neza ku gicaniro. Umugore wanje be n'abandi bantu bari bicayeho ngaho, nca mvuga nti...nca ndahindikira ndaraba, ntangura kwereza hose, ndaba ko ari ho bahagaze. Kandi ukuntu vyagenze ni uko, imbere yuko nshika, nibaza ko Billy Paul n'abandi bari bamye bavugana, nibaza ko ari umugore wanje canke umwe muri bo yari yavuganye n'uwo mugore yari afise uwo mwana muto.

Nuko uwo mugore aca aduga ku gicaniro; maze Mpwemu Yera Aca Arahishura vyose, Aca Akiriza uwo mwana aho nyene. Naciye ngenda, kandi kuva icyo gihe sinkiruha. Murabona, ntibikimbuza amahoro, kandi ubu, ngi - ngirako ntahagaritse.

13 Ubu rero ndarindiriye ko hari ikintu gikoreka kugira ngo vyerekeze wa Mukwego wa gatatu ku ntumbero. Murabona? Kandi kumbure ko igikorwa cyo gusengera abarwaye cyo ku w'iyanga uza mu gatondo, kumbure ko vyokorekamwo. Sinzi. Nibaza ko icyo twokora conyene, kwoba ukubwira abantu bakazana abagwaye. Rero, kubw'igikorane cyo gusengera abagwaye, dutegerezwa kwishikana kubw'abagwaye. Murazane abantu banyu barwaye, kandi mubazane hakiri kare ku w'iyanga uza mu gatondo, dufate nk'isaha zibiri zo mu gatondo canke isaha zibiri n'igice zo mu gatondo, kandi bazobaha amakarata y'abasengerwa mu gihe bazoba bariko barinjira, canke uko babikora kwose. Hanyuma tuzoca tugira umurongo w'abasengerwa maze dusengere abarwaye, maze turabe icyo Mpwemu Yera Azokora. Ndizera ko Azokora utwumiza nitwa Mwizera, murabona. Ariko dutegerezwa ku Mwizera kugira ngo abikore ubu, n'imitima yacu yose.

Kandi ndizera ko igihe kidasanzwe cashitse aho Imana, nk'uko twamye tubivugaga mu gatondo, yatweretse ibintu vyinshi, kandi yadushikanye ku ntuzi...ku rugero kanaka. Kutuduganagusa karya gasozi, icyo nico dukeneye gusa, hanyuma bigaca bitangura. Murabona, bica bi - bibandanya gurtyo nk'uko vyari biri, nk'uko vyagenze, mu vyo gutahura amabanga y'imitima y'abantu, nk'uko vyagenze mu vyo ubuvugishwa, kugira ngo ubirabe neza.

14 Nari ndi i Calgary...muranunga; hari mu gisagara c'umwamikazi, hariya i Regina, Regina. Kandi Ern Baxter ni ho yari be na bamwe bo muri twebwe. Kandi Umwami Yari Yavuganye nanje aha nyene ku gicaniro, Ambwira ati: "Hazogera igihe uzomenya n'amabanga ari mu mitima yabo." Kandi uko ni ukuri. Kandi sinari bwigere niyumvira ko bizogenda ukwo. Uwo muni ku mugoroba, naragiye ku gicaniro ndi kumwe na Ern maze nca ntangura gusengera abarwaye. Maze nja mbona umugabo aje, nca nshira ku mugaragarar ubuzima bwiwe bwose; bwari ubwa mbere ivyo bishika gurtyo, muri ako kanya nyene, mu gikorane cyo gusengera abagwaye. Niho naca ndaba mw'ikoraniro, maze bica bitangura kumanuka mu bari bakoranye bose n'ibindi.

Ôo, nitwashika hariya hakurya! Nta n'igice kirigera kivugwa, c'ibintu, iyo uravye ukabona ibintu mu buzima bw'abantu. Nta na kimwe ndabivugako. Ndavyihoza gusa, murabona, kiretse niyumvisemwo vy'ukuri ko ntegerezwa kugira icyo mvuze. Ubu rero, nditeze ko iki kizokurikira kizotangura nk'uko nyene. Murabona, Imana, mu nzira zaYo Bwite, mu gihe c'ubwigenge bwaYo Bwite, Izogitangura. Kandi kizoba - kizoba ari ikindi kintu kizoba - kizoba kirengeye kure n'iyi ibi bindi bibiri. Murabona? Kandi nditeze ko ivyo bishika.

15 Kandi kumbure, naribwiye nti, hamwe nogira igikorane gito cyo gusengera abagwaye kumbure ku w'iyanga uza. Hanyuma, ku w'iyanga ukurikira birashoboka ko nzoba nagiyeye hamwe n'abana be n'abandi, kuko bategerezwa gusubira muhira kugira ngo baje kw'ishure. Hanyuma, ku w'iyanga ukurikira, jewe, muravyumva, nzoba ndi i Chicago, mu gikorane kizobera hariya. Hanyuma nzoca ngaruka ku wa mbere ukurikira kugira nce nsubira kuja muri - muri Arizona ku wa kabiri, kugira ngo abana basubire kw'ishure.

Neza, mbega mwasanze bimeze gute, ga mwungere? [Mwene Data Neville avuze ati: "Vyiza, hari ikintu nabonye kidasanzwe." -Umw.] Neza. Ni vyiza cane, ubu rero turashaka kuvyumva. N'uko rero, U - Umwami abahezagire mwese, cane rwose. Kandi nda - ndizigiye ko tuzobonana ku w'iyanga uza. Kandi ku wa gatatu uza ku mugoroba...

16 Kandi nimwumve. Ntimwibagire ya mashengero mato mato, nka mwene Data Ruddell, mwene Data Jackson, mwene Data Parnell, be n'abo bene Data bato bose bariko baragwana urugamba rukomeye hariya, murabona. Kandi biyumvamwo ko turi ishengero rivukanyirya - rya - ryabo, murabona. Mu bisanzwe turi nk'umugwi muto wayavyaye. Aha ni ho bavukiye, abungere n'ibindi. Kandi urya musore yicaye hariya inyuma, mwene Data, twahuriye nawe hariya wa muni ku mugoroba, Allen, urya mwene Data akiri muto Allen. Ndizigiye ko mwene Data Collins aja kwidondorana na mwene Data Allen, nimba atamuzi. Bompi ni abakozi b'Imana b'Abametodiste kandi ba -barabonye ukuri kw'Ijambo.

17 Mu bisanzwe, i - idini ry'Abametodiste, ririmwo abantu beza, muri iryo shengero ry'Abametodiste. Ntimwigere mwibaza ko atariko bari. Niko bari. Harimwo umugwi w'abantu beza mw'ishengero rya Katolika. Harimwo umugwi w'abantu beza mw'ishengero ry'Abaperesipiteriyano. N'aho hantu hose hariya, ni abagabo n'abagore biteze kubona uyu Muco wakira mu nzira yabo. Nimukomeze kwatsa uwo Muco, mu guca bugufi, no mu bugwaneza.

Dukomeze kwegera Imana cane mu guca bugufi. Murabona?

18 Ntimuvyibagire, iri hema rizotakaza inkomezi zaryo. Nimwibuke ko aha hantu ari ho Satani yatumbereje ibirwanisho vyawe vyose vy' i kuzimu. Azotuma haba umuntu akora ikintu gitandukanye n'ico uwundi muntu yiyumvira. Nivyo akora. Ivyo ni vyo bimuraza ishingira. Ico ni co gikorwa ciwe, ko ashobora gutuma umuntu avuga ikintu kanaka, umuntu agira ico avuga ku wundi, akavuga ati: "Neza, umve, murazi ivyo kanaka yakozwe?" Ivyo ntimuvyumvirize. Ntimuvyumvirize, na mba. Ni wa murwanizi. Murabona, ni Satani. Ntimukavyizere. Iyo hagize umuntu akora ikintu kitari ciza, nimumusengere.

Ntimusenge mu buryo bwo kwikunda, muvuga muti: "Ndazi ko ari igikorwa canje ntegerezwa gukora, ntegerezwa gusengera uwo mwene Data." Nubishire ku mutima, vy'ukuri bivuye ku mutima, kubw'uwo mushiki wacu. Maze mubaganirize kandi mubikore mu bugwaneza, hanyuma murazi, muzoca mubona bongeye kugaruka mu gikorane. Murabona? Kuko, ukwo bimeze kwose, turiko turagenda tugana ku kirengazuba.

19 Umwe wo mur'ino minsi Umwami Yesu Agiye kuza. None murazi, ivyo ndibaza ko bizoba giturumbuka cane kandi vyiyoroheje cane -cane, ku buryo hazobaho ibice ijana kw'i...ic'ijana c'ibice ijana kw'ijana vy'isi yose ntibazigera babimenya Izamurwa niryaba. Bizoba mu gacerere ntangere kuburyo ata muntu azogira icyo amenya kuri vyo. Murabona? Kandi hazobaho, ata nkeka, imigwi mitomito izovuga iti: "Murazi, kanaka?"

"Ôo, bavuga ko hariho akagwi ka ba banyakaguma hariya, hari akagwi kabuzwe irengero ryako hariya, kandi ba...Ivyo sivyo. Ni ahantu bagiye gusa. Akaguma nk'ako turamaze kukabona, murabona."

"ÔoNeza, bavuga yuko rya hema rito, ry'ahitwa i Jeffersonville, hariho benshi mu barigize babuzwe irengero." Murabona, barabisuzugura gusa.

Bazovuga bati: "Nta c'ukuri kiri mur'ivyo, murabona," ibintu nk'ivyo, kandi bizoba vyabaye ariko ntibazobimenya.

20 Bazoba bava mu mihingo yose y'igihugu, abapfiriye muri Kristo, nibo bazobanza kuzuka. Izamurwa rizoba; Ishengero ritahanwe i muhira. Hanyuma, hazoca haba wa Mubabaro mwinshi, kandi, ôo, bagenzi, ntitugomba kuzoba turi hano ico gihe. Sinshaka kuba ndi ngaha mu gihe ca wa Mubabaro mwinshi. Oya. Imana Iturinde kugira ntihagire n'umwe muri twebwe azoba ari ngaha muri ico gihe. Kuko, "Uwanduye nashishikare yandure, uwugorotse nashishikare agororoke, uwezwa nashishikare yezwe."

Nta...Wa mwagazi w'intama Yaraje Afise Igitabo ciWe c'Ugucungura, maze Umugeni arazamurwa; ababishibuye bazotegerezwa guca mu gihe c'Umubabaro mwinshi, baba Abayuda canke abanyamahanga. Mbega igihe c'Umubabaro! Sindavyipfuzwa. "Mwami, nyeza muri kano kanya." Iyi ni inyigisho nziza y'Ikinazareyo, si vyo? Kandi nayo ni ukuri. Ni ukuri. Ni vyo.

"Nyuzuzwa muri kano kanya Mpwemu wawe, Mwami. Nkuramwo ivy'isi vyose muri kano kanya, Mwami. Ntu -ntuturuke ngo tugire... Ni nk'uko wa mwene Data w'umwirabure yabivuze ati: "Mushinganta, ndafise itike y'urugendo mu minwe. Ubu yamaze gutaburwa, kandi aho nzoshikira kuri rwa ruzi, muri ca gitondo, sinifuzwa guhura n'ingorane." Kubw'ivyo, ni hafi nk'ivyo, Si - sinshaka guhura n'ingorane. Nimugumane itike mu minwe, kuko tugiye kujabuka. Nimuvyibazeko, ca gihe gihambaye co gucungurwa kiregereje!"

21 Ubu rero, hari ikindi kintu. Mwene Data, yitwa nde, umwe mwene Data wo muri Utica? Nibaza ko ari mwene Data Graham, na wa wundi mwene Data wa hariya, umwe ari na we mwungere waho. Mwene Data Shanks, canke izina risa n'iryo, canke Sink? [Mwene Data Neville avuze ati: "Mwene Data Snelling."]- Umw.] Mwene Data Snellingni ninawe mwungere, wenyene? Mwene Data Snelling, ni we mwungere wo muri Utica muri kino gihe. Ndibaza ko igikorane cabo c'amasengesho, ari ku... ["Ku wa kane ku mugoroba"] Ku wa kane ku mugoroba. Murazi, vyoba vyiza tumanutse hariya ku wa kane ku mugoroba maze tugafatanyaga gato na barya bagenzi bacu. Murabona? Hanyuma, mwene Data Jackson niyakoresha iciwe, hazobe umugwi mutoya muri twebwe maze ujeyo.

22 Mukomeze gusa gusenga, mukomeze kwimba! Egome, ntimuhagarike. Ni nka kumwe Eliya yabwira abantu, avuga ati: "Nimwimbe ibinogo hariya!"

Iyo mushitse musu, mugashikira ikigopo ca kera c'icuma, muca muvuga muti: "Ndarushe cane"? Nimugikure mu nzira mugite hanyuma mukomeze kwimba. Murabona? Nimubandanye mwimba gusa, kuko ari ngombwa ko twimba. Tubwirizwa kwimba gusa, nta bindi. Kuko, nimba mu - nimba mutegekanya gucika wa Mubabaro mwinshi, icoba ciza ni uko mwotangura kwimba.

Rero, kubindaba, aho mba ndiko ndibwira ubutumwa. Ubu ngiye gutangura kwimba cane kurusha ukwo nigeze kwimba. Kuko, niyumva gurtyo, ko muri kino gihugu n'ahandi hose mw'isi, iki gikorwa kizosubira, nk'uko kimaze kumenyekana muri kino gihe hose kw'isi. Nte -ntegerezwa kwongera kugenda.

23 Umugore wanje yarambwiye...ejo bundi mu gatondo, navuze nti: "Nshaka uzomperekeze ninagenda."

Nzogenda nko mu kwezi kwa mbere, Umwami Abishatse. Nshaka kuzozunguruka isi yose, nje hose, hanyuma kumbure ngaruke ngirishe ibikorane muri Leta Zunze Ubumwe za Amerika, nko mw'ici riza."

Aca avuga ati: "Ndashaje cane ku buryo ntojaye."

Nca ndavuga nti: "Rero, igihe nagenda nari...Urugendo mperutse kugira hakurya y'amazi, haraheze imyaka hafi umunani ndarugize, kandi ubu numva mfise amagara meza kurusha mu myaka umunani iheze, murazi. Murabona? Ubu ndabiziko vyinshi."

24 Niho rero twaca tugera kuri iki kivuga ngo: "Ari nka hamwe Umwami yovuga ati: 'Ngira ndaguhe imyaka mirongo ibiri n'itanu. Inkomezi zawo ntizizohera. Bizoba bishoboka ko ugenda, kandi ngira ndaguhe imyaka mirongo ibiri n'itanu kw'isi', mbega wohitamwo ikiringo kiri hagati yo -yo kuvuka gushika ku myaka mirongo ibiri n'itanu, canke kuva ku myaka mirongo ibiri n'itanu gushika ku mirongo itanu, kuva ku myaka mirongo itanu gushika ku myaka mirongo irindwi n'itanu, canke mirongo irindwi n'itanu gushika kw'ijana?'"

Rero, umuntu wese ahawe igihe kw'isi, nta nkeka ko yoba akoze ikintu c'ubujuru cane hamwe atoca akoresha ico gihe yahawe kugira ngo akorere Imana. Ivyo yokora vyose uko vyoba bimeze kwose. Ubu rero, nimba mushaka kuba umuntu akundwa n'abagore, canke ikindi kintu, icobabera ciza ni uko mwohitamwo imyaka y'ubuto, iyo mirongo ibiri n'itanu ya mbere. Murabona?

25 Nimba uzoba umubaji, umufundi w'ivyuma, canke ikindi kintu, vyoba vyiza uhisemwo igice ca kabiri c'imyaka mirongo ibiri n'itanu. Murabona? Aho rero naribajije nti: "Mbega kuri jewe naho ni gute? Nohitamwo he?" Nohitamwo kuva ku myaka mirongo irindwi n'itanu gushika ku myaka ijana. Noba nciye ubwenge cane, ndi umuhumure. Noba ntekanye cane. Noba nzi vyinshi ku bijanye n'ivyo ndiko ndakora.

Maze kugira imyaka cumi...umunani canke cumi nongeyeko uravye igihe mperukira mu mahanga. Simpfa kubisimbiramwo nk'aho noba ndiko ndica inzoka. Hari vyinshi ndabiziko, murabona? Ndazi uko ndavyifatamwo. Ni nka kumwe kw'imbwa ihiga imbaka iriko irarwana n'imbaka, murabona. Murazi vyinshi ku kuntu bayifata. Ntushoka uyisimbirako, kuko ica igutabagura inzara. Murabona, utegerezwa kumenya amayeri yayo maze ukaraba ivyo ikora. Kandi natwe tugenda tumenya vyinshi ku mwansi. Dutegerezwa kumenya ubuhinga bwiwe bwose, ukuntu yegera, n'uko akora, kandi tukamenya ukuntu akubita ibipfunsi, aho rero niho uba wamenyerejwe ukuntu uhangana na we, murabona.

"Kubw'ivyo rero ubu ndizera," niko nabwiye umugore wanje, "ndizera ko nkomeye ubu kurusha igihe nari mfise imyaka mirongo ine, nkajayo." Murabona, Kandi ubu mfise imyaka mirongo itanu n'ine. Kandi ndizera, ko nimba nkibayeho kandi nkaba ngishoboye kuva aha nkaja hariya nk'uko ndabikorana muri kino gihe, igihe nzoba mfise imyaka ijana, hamwe no...Yesu Abaye Agitebaganye, nobaye mfise amagara meza ico gihe kurusha uko ndi ubu, kugira nshobore kujayo. Murabona? Kuko, uba uzi vyinshi ku bijanye na vyo, uba uzi vyinshi kuvuyo ukwiye gukora, n'ukuntu ubigenza, ukuntu ufata ibintu mu minwe.

26 Fata akarorero ku bantu batari bake, iyo baba bagomba kubagwa. "Bavuga ko hari umuganga yahejeje amashure ejo bundi, ariho agisohoka ishure ry'ubuvuzi. Ntarigera abagana rimwe. Ni abe ari we akukubaga".

"Ôo! Oya" niko woca uvuga, "sinemera! Ntimuzane uwo. Oya, mushingantahe. Oya, haba namba. Sinshaka ko ankozako imbugita. Nipfuzza ahubwo kuja kwa kanaka hariya. Narumvise ko amaze kubaga abantu benshi. Arabizi neza."

Ni ivyo, murabona? Ni ivyo. Ivyo vyo muravyitwararika, none bimeze gute kubijanye n'umushaha wanyu? Jewe nshaka umuntu azi aho ahagaze, azi inzira; kandi amaze kuyicamwo. Egome, koko.

27 [Mwene Data Neville avuze umwanya muto kuri mwene Data Branham no kuri mwene Data Vayle, hanyuma aca avuga ati: "Biranezera kwakira abakozi b'Imana, na cane cane abafatanije natwe kur'Iki, kandi bakabana natwe muri Co. Biranezera kubumva bariko baravuga." - Umw.] Amen. [Kubw'ivyo, narabajije Dogiteri Lee Vayle ndavuga nti: "Mbega wokwemera ukavuga ubutumwa, hamwe mwene Data Branham atobuvuga? None mwene Branham ntiyavuze ubutumwa. Kumbure ko yari abizi - Umw.] Oya ntavyo nari nzi. Sinari no kuba navuze umwanya muremure nk'uwu.

28 [Mwene Data Neville avuze ati: "Kubw'ivyo rero nasavye mwene Data Vayle, kuri uno mugoroba, ngo atubwire ubutumwa mu gihe mwene Data Branham atobuvuga. Kuko barakoranye mu bikorane, kandi arazi Inzira, ino Nzira. Kandi turanezerewe kubona turi kumwe na mwene Data Vayle. Ndamushima kandi ndamwubaha nk'uko ndabikorana ku wundi mukazi w'Imana wese, kandi nk'uko ndabikorana abandi bose. Rero nimba yoza akagira ico atubwiye kuri uno mugoroba, nonezerwa mbonye abikoze." - Umw.] Amen. ["Imana imuhezagire; kandi dusengere mwene Data Vayle. Bamwe muri mwebwe ntibarigera bamwumva avuga ubutumwa, kandi ndizigiye ko muja kumusengera." ] Ego.

[Mwene Data Vayle aciye avuga Ubutumwa]

29 Sinategerezwa gufata umwanya wiwe wose. Ndasavye imbabazi iri koranira. Sinamenye ko, igihe nari

nicaye hariya, yuko a...vyari vyateguwe. Imana iguhezagire, mwene Data Vayle. [Mwene Data Lee Vayle avuze ati: "Ntivyari vyateguwe. Yavuze ati: Mu gihe 'mutovuga ubutumwa.' Ariko waje." -Mwene Data Branham be n'ikoraniro baciye batwenga -Umw.]

Ni vyiza. Bimeze neza. Bica bimfasha kumwumviriza, nanje nyene. Mwene Data Vayle yavuze ubutumwa kenshi imbere yanje, mu bikorane, n'i -n'ibindi. Yararongoye ibikorane igihe kirekire, ni mwene Data mwiza, yakoze igikorwa ciza cane. Kandi ndazi neza ko rino koraniro ryama rinezereza no kwumva mwene Data Vayle ariko aravuga. Umwami nahezagire mwene Data Vayle.

[Mwene Data Vayle avuze mu kiringo c'iminota mirongo irindwi kuri Mariko 16:15-20 no ku bindi Vyanditswe, ubutumwa yise: Kubera Iki Mariko 16 Itakoze? Kandi Ni Gute, Twisunze Ivyanditswe, Twotuma Ikora - Umw.]

Vyinshi vyavuzwe ku buryo ataco no -no -noshobora kuvuga kugira ngo ndabiryohore kuruta. Kandi ndizera vy'ukuri ko yari Umwami yashoboje mwene Data Vayle kuvuga ubu butumwa kur'uyu musase. Mu bisanzwe murabona, ukwo niko bitegerezwa kugenda. Ivyo tu - turemera ko vyavuye ku Mana. Ivyo, hariho ibintu vyinshi yariko aravuga; na - na - naronsemwo ubutumwa mirongo ibiri nanditse hano, mur'aka kanya, mu vyo yavuze. Nariko ndiyumvira hano ku ngereranyo imwentoya, kugira ngo nunganire ivyo yavuze. Turaba irya saha, kugira tumenye igihe aho kigeze. Igihe utwuma twose tw'irya saha tudakoreye hamwe, ntitwokwigerera tumenya isaha y'ukuri. Siko bimeze? Kandi ivyo bisaba twese hamwe, twese icarimwe, nimba twipfuzwa kubona wa Mukwego wa Gatatu, ugira vy'ukuri ico ukorera Imana, dukorane twese hamwe, twicisha bugufi imbere y' Imana, twatura amakosa yacu, dusenga kandi twizeye Imana kubw'ivyo.

30 Ndizera vy'ukuri ko ivyo mwene Data Vayle yavuze ari ukuri, yuko Imana Itazigera ishira Mpwemu waYo mu ngoro yanduye, itagororotse kandi itumvira. Oya. Ategerezwa kuza mu - mu buryo bwo kweza imitima yacu ikuwemwo ubugunge bwose hamwe n'ukugabitanya kwose, kugira ngo dushobore kuba abatunganye imbere y'Imana, kugira ngo Ireke Mpwemu waYo Yera atunganye Adukoreremwo, ngo dushitse ivyo bintu.

Ndi- ndibaza ko, nimwataha kuri uno mugoroba, nimwasoma ca Gitabu gito ca Yuda, muraja kwiga vyinshi ku vyo mwene Data Vayle yavuze. Kandi yavuze ati : "Ndwanira kwa kwizera kwahawe abera rimwe rizima." Baragiye kure yaKwo. Ingene abantu bafise impwemu yononekaye, n'ibindi, bari binjiye barabazimiza babajana kure y'i - y'ibintu nyakuri vy'Imana. Kandi Imana ntishobora gukora tutaYiretse ngo Ikore.

Kandi hariho ibintu vyiza vyinshi, novuga ku...

31 Murazi, abantu barashaka ubushobozi, ariko ntibazi vy'ukuri ico ari co ubushobozi. Murabibona, nti - ntibazi mu vy'ukuri ico -ico - ico bijana nabwo. I - inzira yo kuduga ni ukumanuka, igihe cose. Nimwaba mwipfuzwa ubushobozi, nimurabe aho mugeza mu kwicisha bugufi. Mwiya mbure gusa ivyiyumviro vyose vy'isi, maze mwicishe bugufi imbere y'Imana, ico gihe rero muzoronka ubushobozi bwinshi kurusha umuntu amara inzu yose yiruka kandi avuza n'urwamo rwishi; murabibona, kuko muba mwashoboye gushika aho mwinesha ubwanyu, kandi mwanashoboye kwishikanira Kristo, murabona, mu kwicisha bugufi imbere yiWe. Ubwo nibwo bushobozi nyakuri.

Nimunyereke ishengeri riciye bugufi, riciye bugufi vy'ukuri, atari i - iryikakisha; ishengeri, riyoroheje, ishengeri riciye bugufi, nanje nce mpeza ndabereke ishengeri rifise ibakwe n'ubushobozi vy'Imana muri ryo. Ukwo ni ukuri. Ico nico kintu bisaba, uguca bugufi, tukicisha bugufi imbere y'Imana, tukareka Imana gusa Ikadukoreramwo. Ntibikenewe ko urinda kuvuza urwamo rwinshi.

32 Rimwena rimwe, nka kumwe wa murimyi-mworozi yavuga, ko yagiye mu mirima ajanye umukogote wiwe, kandi igihe cose yaba aciye mu kinogo, waca ujegera ukabandanya. Yamara iyo agarutse, yaraca muri ca kinogo nyene ariko ntuvuze urwamo na mba, kuko waba wuzuyemwo ibintu vyiza.

Rero nibaza ko bisa n'ivyo, murabona, ko twokwuzura ibintu vyiza vy'Imana, kugira ngo icamwa ca Mpwemu kimenyekane biciye muri twebwe. Nk'uko yagarutse cane ku 1 Ab'i korinto 13, havuga hati: "Kandi naho notanga umubiri wanje ngo nturirwe, kandi nkanagira n'ivyo bintu vyose ariko ntagira urukundo, ni ubusa; nta co vyomarira." Murabibona? Ico nico twipfuzwa gukora.

33 Hejuru ya vyose, nitwe tubazwa imishaha wacu imbere y'Imana. Murabona, Ni - niwe uriko uraja mw'ijuru.

Ikibazo si ukumenya ko jewe ndiko ndajayo, canke naka ariko arajayo. Ni wewe uriko urajayo, murabona, wewe ubwa mbere. Kandi utegerezwa gusuzuma neza ivyo ubwa mbere maze uce uza uri uwiyoheje imbere y'Umwami. Kandi mu bihe vyose namye mbona ko umuntu yicisha bugufi ari we Imana ishira hejuru. Ufashe umuntu yikubita ku gikiriza, yigira uwuzi vyose, kandi ataco womubwira, yikakisha, kandi - kandi, neza, uwo -uwo niwe muntu ataho yigera ashika. Ariko mufate bene urya muntu yicisha bugufi, akagenda ubugwaneza.

34 Nariko mvugana n'umuntu umwe, ejo bundi ariko aratanganya ishengero hariya i ...yasohotse mw'idini aho yari ari...Neza, ni mwene Data Boze, ishengero bahoramwo, iryo shengero rikomeye bari barimazemwo imyaka myinshi, kandi Umwami yarabahezagira. Mu nyuma, abantu bageze ku rugero rw'aho bagomvye kujana n'amajambere nk'abandi hanyuma iryo shengero baheze barihindure idini. Bamaze kubikora, vyacye...abo Bakristo bacye bugufi bari muri iryo shengero ntibashatse ko bigenda uko. Ubuzima bwabo bwose, bari barigishijwe ibinyuranye n'ivyo, niko guca rero barivamwo.

Ubu rero, bagize umugwi, kandi Umwami yarabahezagiye kugeza naho ubu, bongeye kuronka inyubako nini, urusengero, rushobora kwicarika abantu hagati y'ibihumbi bine n'ibihumbi bitanu, kandi bagize intango nshasha.

35 Kandi baraje kundaba, bavuga bati: "Mwene Data Branham," twari twicaye hariya mu biro, mu biro vy'urushengero, ejo bundi. Aca avuga ati, umwe mu barongozi, Mwene Data Carlson n'abandi, bavuga bati: "Ubona dukwiye gukora iki?"

Nca mvuga nti: "Umwungere muzotora aze abe ari umugabo atazwi mu madini yose, mwene Data gusa w'ingeso nziza, w'imvugakuri, w'umurwaneza, mwene Data aciyeye bugufi kandi yigenza neza mu buzima. Imana Izoheza Yitwararike ibisigaye, murabona." Navuze nti: "Umwungere mwiza azogaburira intama gusa hanyuma akicisha bugufi, n'ibindi. Ibisigaye Imana Izobikora.

Nimwa...Atari umuntu ahambaye yigira ko azi vyose azoya, ashire ku murongo ibi na biriya, ibi bitegerezwa kumera gurtya, hanyuma ibintu vyose akabihungabanya." Navuze nti: "Aho ntibizogenda neza. Niho mukibishikamwo." Ni ivyo, buri duce twose mw'ishengero dutegerezwa gukorera hamwe, kandi namwe mutegerezwa kwama mukora ico mujejwe, kubw'ivyo turabona igihe turimwo. Birashoboka ko turi hafi kurusha ukwo tuvuyibaza.

36 Ni uko, turanezererwa mwene Data Vayle. Si vyo? [Ikoraniro rivuze riti: "Amen." - Umw.] Umwami aguhezagire, mwene Data Vayle. Urakoze. Kandi turakengurukira Umwami kubwo ubutumwa buhambaye yatuzaniye kuri uyu mugoroba. Naronse icanditse, mu kanya gaheze. Umwe muri bashikibacu yashaka kuvuga ikintu, yabonye mu ndoto. Urabinyandikira, mushiki wacu, Nda - ndi... Yaramuhaye indoto zabaye iz'ukuri mu buryo ntabanduka. Ntitwemera indoto zose. Oya oya. Yamara iyo ari iz'Imana, tuba dushaka kumenya ko ari Imana ivuganye natwe. Nk'uko nyene, ntitwizera ukuvuga mu ndimi kwose, ariko mu gihe insobanuro ije hanyuma ikatumenyeshya ko hari ikigiye kuba, tukakibona kibaye, aho rero duca dushimira Umwami kubw'ico. Murabona?

37 Twipfuza yuko ibintu vyama bigenda bihuye igihe cose, mu bwitonzi, kandi biri mu rutonde rw'Umwami. Rero nimwibuke, uruhara rwanyu rurashobora kuba ari ya rasoro nkuru, canke kumbure ntoya, urushinge rutoya, canke akuma gatoya, canke ka kuma karegera isaha, ico coba cose, canke zirashobora kuba za nshinge z'isaha, zerekana amasaha aho ageze. Yamara, igihimba ico coba arico cose, bidusaba twese gukorera hamwe mu guhuza n'Ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo, kugira ngo ivyo bishoboke.

Nimwiyumvire gusa. Nimba ingabire ari izihambaye cane, ivyo twita ubushobozi, kandi Paulo yavuze ati: "Naho nogira ukwizera kwose ngashobora gukuraho imisozi, ariko ntagira urukundo, noba ndi ubusa." Nimuvyiyumvireko. Kandi naho mwovuga muti: "Ni uko, naho no- nogira ubwenge...nkaba ntahura Bibiliya."

"Naho nomenya amabanga yose y'Imana, murabona, "kandi naho nogira ivyo bintu, ntagira urukundo, noba ndi ubusa," murabona, "ntaho nzoba ndashika." Murabona, Ikintu nyamukuru ni, ugukunda Imana kandi ukicisha bugufi hamwe navyo.

38 Ubu rero, nta nkeka ko inyuma y'iyi myaka yose ndi mu gikorwa no mw'isi yose, mbona abantu batandukanye, nabwirizwa kumenya gato umuryango ninjiranamwo. Nimwaba mwipfuza kugira aho mushitse n'Imana, ntimuze mwigere mwemera ko impwemu yo kwikakisha ibazako. Ntimukundire ububi na bukeya ngo bubabemwo. Ivyo umuntu yokora ukwo vyoba bimeze kwose, nimba ari mw'ikosa, ntimwigere mwiyumvamwo ko mwanse uyo muntu. Murabona? Nimube abagwaneza kandi mube abantu beza. Nimwibuke, Imana yabakunze igihe mwari mukiri mu vyaha. Kandi nimba Mpwemu w'Imana ari muri mwebwe, muzokunda uwo wundi muntu naho nyene yoba ari mw'ikosa. Murabona, kimwe gusa nimumusengere kandi mukundane. Ikirengeye vyose, mukunde Imana kandi mukundane. Kandi muce bugufi imbere y'Imana no hagati yanyu, kandi Imana Izoduhezagira, biragoye kuvuga ivyo Izobakora.

Muri rusangi, iyo abantu batanguye kugwira mw'ishengero, hanyuma rigasa niryisununura gato canke ikindi kintu nk'ico, muri ico gihe abantu baca baja kure ya kintu nyakuri, ivy'ukuri.

39 Mwoba muzi icatumye birya bintu bikoreka, mu ntango y'igikorwa canje, igihe Umwami yanyiyereka hariya kuri rwa ruzihanyuma akambarira vya bintu. Kandi ndibaza ko mwene Data Vayle ivyo yabibonyemu kinyamakuru co muri Canada, haciye imyaka myinshi, ku vyerekeye wa muMalayika w'Uhoraho yanyiyerekeye hariya ku ruzi, ivyo vyari vyanditswe mu kinyamakuru Associated Press. Bari bavuzemwo

bati: "Umucoudasanzwe wabonetse hejuru y' umuvugabutumwa w'aha mu karere, mu gihe yarikoarabatiza." None -none mwoba muzi icabitumye? Igihe twakora urukurikirane rw'ibikoranemw'ihema hariya hakurya y'ibarabara, ihema ryari rishoboye kwicarika abantuhafi ibihumbi bibiri n'amajana atanu, abakozi b'Imana baza bava mu mihingo yose, hanyuma bakavuga bati: "Mwene Data, ingo hano akanya gato." Nari nkiri umuhungu muto, nka, ôo, nari nkiri umwana. Hanyuma bakambaza bati: "Ubigenza gute kugira ngo ushoborekugumiza aba bantu mu guhuza umutima n'inama? Barakundana kuburyo... Sinaribwigere mbona abantu bakundana nk'uku."

40 Umwami ni We Akora ivyo. Iri shengero ryubatswe kuri ivyo, urwo rukundo ruva ku Mana, urwo rukundo rwa bene Data dufitaniye. Ndamaze kubabona baramukanya bahana amaboko, igihe co gutaha, bakarira nk'abana kubwo gutandukana. Barakundana cane. Kandi narashobora kuja mu mihana yabo kubagendera, kandi akenshi Bibiliya yaba yuguruye yanakorokoyemwo amosozi. Nashika iwabo mw' ijoro, mu gihe ba se na ba nyina babo baba bakoranye; abana bato babo nabo babakikuje, bapfukamyeye hasi; kandi n'abo bavyeyi nabo bapfukanyeye, barira bongera basenga. Narahagarara ku muryango maze nkarindira nkongera nkarindira nkongera nkarindira. Ntibahagarika gusenga, hanyuma nanje ubwanje ngateba nkaca nicara ku ngazi ngatangura gusenga, ndabarindiriye, murabona. Kandi ivyo - ivyo vyari ivyo... barakundana. Barakundana. Twari dufise akamenyero ko guhaguruka maze tukaririmba ya ndirimbo ya kera ivuga iti:

Nihahezagirwe ingoyi zibohera  
 Imitima yacu mu rukundo Gikristo;  
 Isangira ry'imitima ihuye  
 Ni nka rimwe rya hariya Hejuru  
 Iyo dutandukanyeye,  
 Ivyo bidutera umubabaro;  
 Ariko tuzoguma turi kumwe mu mitima,  
 Twizigiye kuzongera kubonana.

41 Ivyo ndabivuganye umunezero mwinshi mu mutima wanje, kwa Kristo. Abenshi muri bo barasinziye irya n'ino ya hano mur'izo mva ziriko ivyandiko kuri uno mugoroba, barindiriye kwa kuzuka guhambaye aho tuzongera kubonana. Ntimuze mwigere mureka ngo iyo mpwemu ive hano hantu! Hamwe vyoramuka bishitse, muri ico gihe, ukwo umwungere wanyu azoba ari imvuzi kwose, ukwo azoba avuga Ijambo ry' Imana neza kwose, Mpwemu w' Imana Azoba Yababaye kandi Azoba Yigiriye.

Murabona? Hamwe twashobora gusangira vyose mw'isangira, tugakorera hamwe, kandi dukundanyeye, ico gihe Imana izokorera muri twebywe. Aho rero turerekana isaha, ku buryo abantu bazozaza maze bavugye bati: "Nimwaba mwipfuzaga kubona ishengero ricye bugufi vy'ukuri, ishengero rikunda Imana vy'ukuri, nimwinjire rimwe harya muri riryaha Hema hanyuma mwitegereze. Nimwitegereze ukuntu bitanaho, ukwubaha; kandi n'igihe ubutumwa bwiza buriko buravugwa, ukuntu bubaha, ukuntu vyose biri ku rutonde"

Egome, aho rero barashobora kuraba hanyuma bakabona igihe tugezemwo. Muzobona Mpwemu w'Imana agendagenda hagati yanyu, ibimenyetso n'ibitangaza bihambaye n'ibindi bizokoreka. Nimba vyose biriko birakorera hamwe, birerekana igihe aho kigeze. Ariko nivyaha atari ukwo biri, muri ico gihe rero isaha ica ihagarara, ntisubira kwerekana igihe aho kigeze. Nitwaba dushaka kumenya rero igihe turimwo, mureke gusa twese dutangure gukorera hamwe turi mu Butumwa Bwiza, dukundana, dukunda Imana, gurtyo inshingira zizerekana ubwazo igihe turimwo. Ivyo muravyizera? Nta nkeka. Amen.

Umwami abahezagire cane rwose.

42 Ubu rero, ntimuvyibagire; muri ino ndwi muzoje hirya no hino. Kandi nimwaba muzi abarwaye baza ngaha, muzobabwire, nibaza, mubabwire muti: "Mukundwa, ngire ndagusabe. Tuzosengera abarwaye kuw'iyinga mu gatondo hariya mw'Ihema. Kandi nawe umaze igihe urwaye, ubu rero nshaka..."

"Neza, ndashaka kujayo. Namye nipfuzaga kujayo."

"Ni uko, kuw'iyinga ku mugoroba, nari mpejeje kwumviriza ubutumwa bwigishijwe na mwene Data umwe hariya, avuga ko dutegerezwa kwaturiranira ivyaha vyacu; tugasengeranira, kugira ngo dushobore gukira indwara. Yakobo 5:14, 13, 14, 15, murabona, ko dutegerezwa kwaturiranira ivyaha vyacu n'imbere yuko tuza kugira turonke ugukira indwara. Egome. Twaturiranire ivyaha vyacu, kandi dusengeranire." Murabona? Ivyo murabibona? Ivyo nyene neza na neza ni vyo yariko aravugaga kur'uno mugoroba, yafata za hahirwa azihuza na Mariko 16. Ivyo mubishize hamwe, muca muronka ico murondera, ico gihe rero ugukira indwara guca gukoreka.



43 Nimurabe Yesu, Yari urukundo gusa. Murabona? Yari Imana Igaragajwe. Yo, Imana, Yiseruye ubwaYo biciye muri We, ntibitangaje kubona ibitangaza n'ibindi vyarakoreka. Ubuzima bwiWe buciye bugufi kandi bwashikaniwe Imana kugira Ave ku kuba Imana, maze ahinduke Umuntu aha kw'isi, ngo Agaragaze Imana biciye muri We nyene. Ico nico caMugize ico Yari Ari. Ninaho nama mvuga nti: "Kubwanje, icatumye Yesu aba Imana, ni uburyo Yashoboye kwicisha bugufi. Yari |Uwuhambaye cane, yamara Yarashoboye kuba Muto cane." Murabona? Ukwo ni ukuri. Umwami abahezagire cane. Ubu rero, duhaguruke, kugira dusezerane. Reka tuyigerageze (birashoboka ko atayo uzi, mushiki wacu), ya yindi, *Hahezagirwe Ingoyi Zitubohera Hamwe*. Tuyiririmbe rimwe, sivyo? Duhe ijwi.

Nihahezagirwe umugozi ubohera

Imitima yacu mu rukundo Gikristo

Isangira ry'imitima ihuye

Ni nka rimwe rya hariya Hejuru.

44 Ubu rero mu gihe turiko turaririmba iki gice ca nyuma, reka dufatane amaboko, "*Iyo dutandukanye*," maze tubwirane gusa duti: "Imana iguhezagire, mwene Data, mushiki wacu. Nezerejwe cane no kuba ndi kumwe nawe hano kuri uno mugoroba." Murabona, ikintu nk'ico, hanyuma muhindukire rero. Ubu rero reka tuyiririmbe.

Iyo dutandukanye...

Imana iguhezagire mwene Data Neville!

Ivyo bidutera umubabaro;

Ariko tuzokwama turi kumwe mu mitima

Kandi twizigiye kuzongera kubonana. Ese ukuntu dukunda Umwami Yesu! Siko? Ukuntu....

Gushika aho tuzobonana!

Gushika aho tuzobonanira ku birenge vya Yesu; (Gushika aho tuzobonana!)

Gushika aho tuzobonana!

Gushika aho tuzobonana!

Imana ibane namwe gushika aho tuzongera kubonana!

Duhumirize, maze tuyirimbire muri Mpwemu kano kanya.

Gushika aho tuzobonana!

Gushika ahotuzobonana!

Gushika aho tuzobonanira ku birenge vya Yesu;

Gushika aho tuzobonana!

Gushika ahotuzobonana!

Imana ibane namwe gushika aho tuzongera kubonana!

45 Ubu rero, twunamitse imitwe. Turi abana, abana b'Imana. Tuyiririmbe tuyingira. [Mwene Data Branham hamwe n'ikoraniro batanguye kuririmba bayingira ngo *Imama Ibane Namwe*. - Umw.] Ôo, ese ukuntu ivyo bizana Mpwemu w'Imana kuri twebwe! Murashobora kwiyumvira kuri ya minsi ya mbere igihe abantu bicara ku mabuye hasi?

Imana ibane namwe gushika aho tuzongera kubonana!

Mu gihe twunanitse imitwe, nagire nsabe mwene Data Allen ari hariya inyuma, ni mwene Data mushasha hagati yacu, ko yoheraheza n'isengesho rito. Mwene Data Allen.



[www.messagehub.info](http://www.messagehub.info)

Ubutumwa bwa  
**William Marrion Branham**  
"...mu minsi y'ijwi..." Ivyah 10:7